

Chanjman nan Enskripsyon ak Asiyasyon pou Ane Lekòl 2018-2019 La

Tit	Klas ki Anrapò ak Sa	Deskripsyon
Enskripsyon pou Jadendanfan K2 12 Fevriye jiska 23 Mas	K2	Pou yo ka konfòm a egzijans egzamen lengwistik eta a, enskripsyon ak transfè Jadendanfan K2 yo konyea fè pati dezyèm peryòd enskripsyon priyorite a (12 Fevriye jiska 23 Mas, 2018).
Enskripsyon Klas 7yèm Ane 3 Janvyè jiska 2 Fevriye	7	Pou n fè pwosesis lekòl konkou antre a ak pwosesis enskripsyon ouvè a konfòm youn ak lòt, enskripsyon ak transfè klas 7yèm ane yo kounyea fè pati premye peryòd enskripsyon priyorite a (3 Janvyè jiska 2 Fevriye, 2018).
Rapò sou Demann	Tout	Konnen konbyen elèv ki klase lekòl ak pwogram ou ta renmen yo nan peryòd enskripsyon 2017 la. Rapò sa a kapab ede w genyen yon ide konbyen fwa fanmi yo chwazi chak pwogram ak chak lekòl. Konsilte sit entènèt: www.bostonpublicschools.org/register pou detay.
Estrikti Kalite Lekòl (SQF)	K0-8	Kounye a lekòl yo parèt sou lis chwa yo baze sou SQF (Estrikti Kalite Lekòl Yo) olye de Nivo MCAS distri a. Sistèm distri a pou l mezire kalite lekòl yo pran tout lekòl la an konsiderasyon, pa sèlman rezilta egzamen estandadize yo. Fanmi yo kapab gade done (enfòmasyon) sou kalite lekòl yo ak lòt enfòmasyon sou lekòl yo sou sit entènèt: DiscoverBPS.org .
Opsyon Asiyasyon Administratif	Tout	Nan ka kote yon fanmi pa resevwa youn nan chwa lekòl yo, tout fanmi yo genyen opsyon pou yo seleksyone si yo ta renmen jwenn asiyasyon pou yon lekòl ki pi prè kay yo ki gen yon plas disponib, oswa si yo pa ta renmen genyen yon asiyasyon pou yon lekòl Lekòl Piblik Boston.
Lekòl Opsyon	K0-8	Kèk lekòl opsyon anplis kapab ajoute sou lis chwa yo pandan nenpòt moman nan ane a pou asire genyen ase plas disponib pou elèv yo.
Nouvo Pwogram ak Pakou Konektè	K2, 4	<p>Garanti pou nouvo plas egziste pou pwogram anba yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Timoun K1 ki elijib pou Sibvansyon Ekspansyon Lekòl Matènèl la (“Preschool Expansion Grant” – PEG), ki enskri nan “Boys and Girls Clubs of Dorchester” nan moman sa a, genyen yon plas garanti nan pwogram Jadendanfan K2 Everett la, si yo enskri pa pi ta ke 22 Mas, 2018. • Timoun K1 ki elijib pou PEG ki enskri nan YMCA East Boston nan moman sa a gen yon plas garanti nan pwogram Jadendanfan K2 lekòl McKay la, si yo enskri pa pi ta ke 22 Mas, 2018. <p>Elèv klas 3yèm ane lekòl P.A. Shaw yo genyen yon plas garanti nan klas 4yèm ane nan lekòl Mildred Ave la.</p>
Klas Travay Avanse Ibrid (Melanje)	4, 5, 6	<ul style="list-style-type: none"> • Genyen kèk Pwogram Klas Travay Avanse ki sou lis kòm “Ibrid” (“Melanje”), kote elèv edikasyon jeneral yo travay ansanm ak elèv ki pase egzamen pou yo antre nan pwogram AWC a. Gade depliyàn “Klas Travay Avanse ak Ekselans pou Tout Moun” nan pou detay. Note ke n ap toujou make klas AWC ibrid yo kòm AWC sou fòm chwa yo.
Lis Datant	Tout	Pou n mentni entegrite lis datant yo, nenpòt elèv ki pa sou lis datant lan ankò men ki ta renmen reyaktif li, n ap reajoute l nan fen lis la olye de plas orijinèl li te genyen an.



Pou w mete enfòmasyon kontak ou (kowòdone w) ajou, tanpri vizite yon Sant Dakèy Lekòl Piblik Boston (BPS).
Pou detay anplis, tanpri konsilte sit entènèt nou an: <http://www.bostonpublicschools.org/>